



STATE OF NEW YORK | EXECUTIVE CHAMBER

ANDREW M. CUOMO | GOVERNOR

**Pou Piblikasyon Imedyat:** 4 desanm 2012

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE AKÒ POU PA KITE MAID OF THE MIST FÈMEN**

***Operatè Bato Touris la Pral Envesti \$32 Milyon Dola pou Kenbe Atraksyon Touris Ikonik lan nan Sèvis***

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse yon akò k ap anpeche vwayaj bato panoramik Maid of the Mist fèmen. Akò multilateral Gouvènè a te alatèt la prevwa Maid of the Mist ap kontinye opere nan Niagara Gorge epi pou li pwodui plis revni pou Niagara Falls State Park. Akò a pral pèmèt amelyorasyon eksperyans touris bato a pou vizitè pak yo, epi l ap pwoteje eta New York kont posib deranjman nan yon atraksyon touris enpòtan pou plizyè pwochen deseni.

Maid of the Mist Corp., ki gen yon fanmi alatèt li, base nan Niagara Falls, Eta New York. Li planifye pou investi \$32 milyon dola nan ansyen bilding Schoellkopf Power Station pou fè li apwopriye pou estokaj ak antretyen bato touris li yo pou sezon livè a, epi pou bay ekipman pou itilizasyon piblik la ak aktivite lwazi. Depi li fini, New York State Parks ap posede enstalasyon amelyore yo.

Gouvènè Cuomo di konsa, “Vwayaj Maid of the Mist nan chit-dlo mondyal selèb Niagara Falls ak Niagara River Gorge se yon atraksyon touris enpòtan Western New York (WNY). Akò Eta New York rive avèk Maid of the Mist pou yon lokal estokaj bato pandan sezon livè a sou bò chit-dlo New York ap asire sosyete Western New York sa a kontinye pote gwo valè pou touris ak ekonomi rejyon an, tankou plis revni pou State Parks. Anmenmtan, akò a prevwa amelyorasyon enpòtan pou pi bon atraksyon lwazi deyò pou jwisans piblik la, sa ki fè akò plizyè dimansyon sa a vin yon akò gayan-gayan pou Niagara Falls State Park, rejyon an ak Eta New York.”

New York State Office of Parks, Recreation and Historic Preservation (State Parks), New York Power Authority (NYPA) ak Maid of the Mist Corp. te dakò sou yon Memorandòm Konpreyansyon (Memorandum of Understanding – MOU) pou operatè bato a itilize lokal Schoellkopf, ki nan Vil Cataract, sèlman kèk minit avèk chit-dlo yo. Nouvo lokal la ap ranplase lokal estokaj pou sezon livè ki la kounye a toupre baz Horseshoe Falls nan Ontario, epi Maid of the Mist p ap kapab anfème li ankò apati ane 2014 akòz yon desizyon pwovens lan te pran byen bonè ane sa a pou rekonpanse biznis bato touris ki sou bò chit-dlo kanadyen ba yon konpayi California.

Anba dispozisyon MOU, Maid of the Mist ap ogmante peman lisans li ba State Parks, ki prevwa pou totalize \$105 milyon dola sou 30 ane ki rete nan kontra ki amande a. Kantite lajan \$105 milyon dola a twa (3) fwa pi gran pase revni ki prevwa pou peryòd 30 ane sa a lè yo te apwouve kontra okòmansman nan ane 2002. Pou ane 2014 la, Maid of the Mist pral fè yon peman minimòm \$2,2 milyon dola garanti ba State Parks, ki reprezante prèske yon ogmantasyon 50 pousan sou peman lisans anyèl ki la kounye a. Peman lisans konpayi an pou ane 2011 ba State Parks se te \$1,47 milyon dola.

Konstwiksyon nan ansyen lokal Schoellkopf ta gen ladan:

- De (2) platfòm pou bay yon zòn ki pi ba pou estokaj bato pou kal sèch sezon livè a pou de (2) bato Maid of the Mist ak estokaj pou dòk flotan, ak yon zòn antretyen ki pi wo pou estokaj yon bato travay pandan sezon livè ak pou yon bilding antretyen;
- Yon nouvo asansè andedan yon kaj asansè ki la deja nan izin Schoellkopf pou transpò ant de (2) platfòm yo;
- Yon pòtik transbòdman pou retire chak nan bato vwayaj yo andedan ak deyò dlo a;
- Pi bon aksè nan santye pwomnad ki la deja nan nouvo lokal estokaj la;
- Mezire pou adaptasyon platfòm bato ki pi ba pou sèvi kòm yon pon obsèvasyon piblik pandan sezon tan modere yo; epi
- Yon posiblite pou yon karakteristik eskalad ak desann-an-rapèl toutolon miray fondasyon ansyen izin Schoellkopf.

Manm Komisyon New York State Parks, Rose Harvey, di konsa, “Akò avèk Maid of the Mist Corp. pou yon nouvo lokal estokaj pou sezon livè, sou bò chit-dlo New York, ap asire kontinwite operasyon biznis bato vwayaj sa a—yon antrepriz enpòtan ki la lontan pou Western New York k ap bay anpil milyon dola nan revni pou Eta New York, tankou pak nou yo. Maid of the Mist se te yon bon jan patnè pou Western New York ak Eta New York pandan anpil ane, epi l ap kontinye rete patnè anba akò multilateral la, ki gen ladan agrandisman karakteristik lwazi piblik nan enstalasyon Schoellkopf, nan Vil Niagara Falls.”

Gil C. Quinones, prezidan ak direktè jeneral NYPA (New York Power Authority), di konsa, “New York Power Authority kontan pou ede fè posib kontinyasyon operasyon Maid of the Mist pidevan nan patenarya nou avèk State Parks pou fè lokal Schoellkopf vin disponib pou estokaj ak antretyen bato touris yo pandan sezon livè a. Rate lokal toupre ki apwopriye pou estokaj bato yo sou pwent sid Niagara River ki menase kontinyasyon operasyon Maid of the Mist, ki mennen nan akòz pou lokal Schoellkopf, anba kalite dirijan Gouvènè Cuomo. Pwochen etap yo ap gen pou fè revizyon sou anviwònman pou jwenn pèmi ki nesèsè, epi ansuit konstwiksyon nouvo lokal estokaj la pou sezon livè a.”

Christopher M. Glynn, prezidan Maid of the Mist Corp., di konsa, “Mwen vle di Gouvènè Cuomo ak administrasyon li mèsè pou sipò yo bay pou kontinyasyon operasyon Maid of Mist. Fanmi nou posede biznis sa a depi ane 1971, epi nou pa pèdi yon ons pasyon pou pote eksperyans pouvwak ak grandè Niagara Falls pou anpil milyon moun toupatou nan lemond. Akò nou jwenn avèk State Parks ak New

York Power Authority pral pèmèt nou kontinye fè bon jan vwayaj bato sa yo nan ane k ap vini yo pandan l ap bay avantaj pou moun Western New York.”

Senatè George D. Maziarz di konsa, “Mwen vle di Gouvènè Cuomo mèsi pou patenarya li nan jwenn akò sa a pou asire biznis WNY ki gen klas mondyal – Maid of the Mist – rete yon atraksyon touris dirab pandan anpil ane k ap vini. Mwen pa kapab pi kontan pase jan nou kapab travay pou jwenn yon aranjman avèk konpayi lokal sa a pou kenbe kokennchenn bato touris Falls ap fonksyone, pandan l ap mande amelyorasyon kapital ak pi bon opòtinite lwazi pou avantaj kominote nou an. Sa a se yon viktwa pou tout moun.”

Yo prevwa Memorandòm Konpreyansyon tout moun dakò sou li a pral bay yon amannman yon lisans ane 2002 State Parks yo bay pou Maid of the Mist Corp. pou li opere bato touris li yo nan Niagara Falls State Park. Yo kapab revize ak ajiste akò ane 2002 ki te prevwa lisans lan chak senk (5) ane. Nan fen dire lisans Maid, State Parks ap fè yon demann pou kèk pwopozisyon pou kontinye vwayaj bato a ak sèvis asosye yo.

Anplis ogmantasyon peman yo, Maid of the Mist ap pran mezi pou amelyore eksperyans bato touris la pou vizitè pak yo, tankou l ap ofri lavant tikè nan Entènèt, modènizasyon twalèt yo, devlopman yon aplikasyon telefòn entèlijan, ak revizyon etap pou diminye tan pasaje yo pase nan liy atant pou vwayaj la. Se State Parks ki opere ak antreteni lokal Schoellkopf anba yon akò avèk Power Authority. NYPA posede lokal la, ki nan limit lisans federal Niagara Power Project Otorite a.

Power Authority ap chèche jwenn otorizasyon Federal Energy Regulatory Commission (FERC) pou itilizasyon espesifye lokal Schoellkopf anba lisans operasyon pwojè Niagara genyen kounye a, li te resevwa nan ane 2007.

NYPA ap chèche kondisyon ajans prensipal la anba Lwa Eta New York sou Revizyon Kalite Anviwònman pou amelyorasyon kapital planifye. Maid of the Mist Corp. ap gen responsablite pou anboche nenpòt konsiltan ki nesèsè pou sipòte evalyasyon an. L ap responsab tou pou sipòte analiz ki asosye avèk revizyon FERC, U.S Army Corps of Engineers, New York State Department of Environmental Conservation ak New York State Department of State, elatriye.

Amelyorasyon kapital yo ap annamoni avèk Lwa Anfavè Ameriken Andikape (ADA).

###

W ap jwenn lòt nouvèl nan sit wèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Executive Chamber | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418